



WOZA MOYA

WOMEN OF ZIMBABWE ARISE (WOZA) February 2011

Write: Box FM 701, Famaona, Bulawayo Visit our website: www.wozazimbabwe.org
Email: wozazimbabwe@yahoo.com or info@wozazimbabwe.org

WOZA means 'Come forward'. By women for women and with women, across race, colour, creed, class or political persuasion. Empowering women to be courageous, caring, committed and in communication with their communities.



Yave nguva yekutambudzika kuti tiwane rudo. Chemera ruva rako uyezve bumbiro remutemo rakanyorwa murudo kuti riumbe moyo yedu yakatsemuka.

Ivai nezuva reValentine rakanaka



**Kusimuka Kwemadzimai - kusimuka Kwenyika,
Hakusisina hurombo uye nzara, vazhinji vaunoshanda kuti vashoma vabudirire.**

Valentine ya 2011 iri kuona kupera kweanniversary yechipiri yekugadzwa kwakaitwa hurumende yemubatanidzwa iyo yakabvumiranwa musu wa15 Gunyana mugove ra2008 nevatungamiri vatatu vemapato akasiyana izvo zvakaonekwa naThabo Mbeki akamirira SADC. Tichionderera mberi tichiona chibvumirano chakaitwa pakati peZANU PF nemapato mamiviri e-MDC, tiri kuona kuti parikuitwa zvinogutsa ivo chete zvisingagutse veruzhinji.

Hatina kuona zvakaitwa mu-article 2(II) hatina kuona kuenzaniswa uye nenational healing iri muarticle (7) VII. Tichine nzara yekuona kusununguka kwezvenatongerwo enyika article 10(x) uye chivimbiso che kuremekedza bumbiro ne kutevedzera mutemo mu-article 11. Tirikushuwira rusununguko rwekuungana kusangana nevainoda zvakavimbiswa kuchengetedzwa kwevanhu uye kudzivirira mhirizhonga taona kuti ma camps emilitia arikutowedzera kupfuura zvaangari 2008 uye tiri zviuru zvevanhu vakabviswa munzvimbo mavaigara. *TISINGATARISE 18.2 Tichinetseka kubviswa kwakaitwa vanhu mumashure mesarudzo dza March 29 2008 zvichikonzerwa nemhirizhonga yezvematongerwo enyika. 18.3 Zvakaoneka kuti mhirizhonga yakabvisa hunhu uye zvikaunza ruvengo pakati pevanhu uye. 18.4 Takaongorora kuti mhirizhonga yakakanganisa kuzvitonga kwedu sevanhu uye kushaya mukana wekusarudza zvevatongerwo enyika takasununguka.*

Chi-i chakaitika muchibvumirano chakaitwa muchikamu 18? Vakabvumirana kuti:

(a) Vachasimudzira hukoswa uye ne kugamuchira, kuremekedza, kusava nemhirizhonga senzira yekuyanana uye kugadzirisa kusiyana kwezvematongerwo enyika. **(b)** Vaakati vachapedza mhirizhonga, pasi nyangwe ipi zwayo kuitira kubatana kunopedza mhirizhonga. **(c)** Hurumende inofanira kushandisa mitemo yenyika zvakaakwana kuona kuti vanhu vese vapara mhirizhonga yezvematongerwo enyika vatongwa. **(d)** Vatungamiri vemapato ezvematongerwo enyika nevatungamiriri vacho vanofanira kuzvipira kuti vaite zvese zvavanokwanisa kuti vadzivirire nekumisa mhirizhonga munezvematongerwo enyika, kusanganisira vasina pavari zvakare vanofanira kukumbira nhengo dzavo kuti vabve kumhirizhonga **(e)** Kutora matanho ese anokodzera kuti pave nechokwadi chekuti vatungamiriri nemasangano vavanotungamirira havasikuita mhirizhonga. **(f)** Kushandapamwechete kuti vavenechivimbo chekuti vanhu vese pamwe nemidziyo zvachengetedzeka. **Kusashandisa mashoko ano shonopodza akafana nekuti vamugabe vakati "Angifuni" kuna Welshman Ncube zvinoratidza kusarudzara nerudzi uyezve kusa.**

COPAC NGUVA YAKWANA MURIKURARAMA PANGUVA YOKUKWERETA

(c) kuti, pakuitwa kwezvataurwa pamusoro apa, nguva dzinotevera ndidzo dzikachakosheswa: **(i)** komiti yeParamende ichaumbwa mukati memwedzi miviri mokunge hurumende itsva yagadzwa; **(ii)** musangano wekutanga wevose vane chokuita nezveBumbiro reMitemo idzva uchadaidzwa mukati memwedzi mitatu mokunge komiti yaumbwa; **(iii)** chironzwa chokubvunza pfungwa dzeruzhinji rwevanhu chichapera mukati memwedzi mina kubva musu unenge waitwa musangano wokutanga wevose vane chokuita neBumbiro reMitemo **(iv)** chinyorwa cheBumbiro reMitemo chichapirwa kusangano wechipiri wevose vane chokuita neBumbiro reMitemo mukati memwedzi mitatu yekupedza kweurongwa hwokubvunza pfungwa dzeruzhinji rwevanhu; **(v)** chinyorwa cheBumbiro reMitemo pamwe chete neripoti ichange yakanamatidzwa pachinyorwa ichi zvichapirwa kuDare reParamende mukati memwedzi mumwe chete wokunge musangano wechipiri wevose vane chokuita neBumbiro reMitemo idzva waitwa; **(vi)** chinyorwa cheBumbiro reMitemo pamwe chete neripoti ichange yakanamatidzwa pachinyorwa ichi zvichakakarwa muDare reParamende, uye nhaurwa pamusoro pechinyorwa ichi zvichapera mukati memwedzi mumwe chete; **(vii)** chinyorwa cheBumbiro reMitemo idzva chichabuda muDare reParamende chichapirwa kuruzhinji rwevanhu referenda isati yaitwa; **(viii)** referenda iri maererano neBumbiro reMitemo idzva ichaitwa mukati memwedzi mitatu

yekupedza yokupedzwa kwagakava rinenge raitwa; **(ix)** kana chinyorwa cheBumbiro reMitemo idzva chikatambirwa murefenda, chichapirwa kuruzhinji rwevanhu mukati memwedzi mumwe chete wokuitwa kwereferenda, uye; **(x)** chinyorwa cheBumbiro reMitemo idzva chichapirwa kuDare reParamende mwedzi mumwe chete usati wapera kubva musu wokupirwa kwakho kuruzhinji rwevanhu.

Kana mukatedzera nzira nguva yakatorwa. Tinofanira kuva neferendum izvozvi:

Kana tirikungonyora bumbiro tinotarisa pfungwa dzedu dzichiremekedzwa nekuiswa izvi zvichemo zvedu gumi:

1. Zvikoshwa zvenyika, zviga zvenyika nemutemo inotedzerwa. Tinotarisa bumbiro rinova huremu nekusununguka kunevagadzwa vakasarurwa munzira dzose dai vachidzoka kunevanhu, kupatsanurwa kwemasimba pakati pemutungamiri wenyika vagadziri vemutemo nevatongi vedzimhoswa zvichiwongororwa nekuzaniswa kudzivirira huro nekushandiswa zwakanaka kwemahofisi nekodzero yekudzoka kuvanhu.

2. Hurumende inofanira kupa mukana munhu wese chizvara chomuZimbabwe kuvachizvara chakafanira, uyebumbiro romutemo kusabvumidzwa rusaruro rekuva chizvara.

3. Tinoda kuvenekuwedzera kwemutemo inekodzero yekuchengetedzane kuchengetwa kwakakwana (Chokwadi) nechiedza chekuchengetedzwa nekubetsera vaparirwa mhoswa kuti vavone kunhabarwa.

4. Kukurudzira kwakakosha kuvenekufara kwakakwana panyaya dzekodzero dzenyika dzakasununguka nekujeka nekuvanesarudzo nguva dzose, kuvhota murunyararo, kodzero yeku kugadzira bato rezve matongerwe enyika nekukwikwidza munezvematongerwe enyika kodzero yokumirira ruzhinji nekuva kuratidzira zvakasununguka.

5. Kuchengetedzwa kune kubviswa mudzimba dzavo, kuchengetedzwa paruzhinji nemhirizhonga mudzimba, kodzero yokusungwa nekusununguka zviri pamutemo nekuchengetedzwa muwusungwa.

6. Tinorwira kodzero dzatinoda pakurarama, zveupfumi netsika nemagariro, kodzero dzekurarama dzinosanganisira kuwana zvatinoda pakurarama, pakugara, mvura zvekudya uye zveutano, hazvifanire kushaikwa. Tiri kukurudzira kuti kuve nekudzidza kwepamusoro neprimary zviri pachena.

7. Tinorwira kodzero dzevanhukadzi ne vanorwira kodzero yekugadzirisa zvakatadzika nekukurudzira vanhukadzi kuti vave nechekuita munezvo zvinoitwa paupenyu.

8. Tinorwira kusununguka kwemapazi ehurumende, kuparadzaniswa kwemasimba uko kuchabvumira vatungamiri vemunharaunda kuchengetedza zviwanikwa nemukanzuru emunharaunda. Panofanira kuva paive nekugoveranwa kwemasimba mumatunhu nemunharaunda.

9. Tinorwira bumbiro rinodzika masimba emutungamiri wenyika, ayo ange asingashandiswe zvakanaka. Mapazi ehurumende anofanira kuve nemutungamiri wenyika akasarudzwa nevanhu, aine matemu maviri muhofisi asingapfuuri makore mashanu patemu imwe, achifanirwa kuve ari pakati pemakore makumi mana nemakumi matanhatu nemashanu (40-65). Mutungamiri akadai haazoendi pamusoro pemutemo, anofanira kunge achizomiswa mumatare kana ahandisa masimba zvisirizvo kana kupara mhosva anofanira kusungwa uye.

10. Tinoda bazi rezvemari rinofanira kunzwa pfungwa dzevanhu uye kuti pave nemiganhu pakati pavanomirira nharaunda, matunhu uye Budget renyika rinofanira kuburitswa kuvanhu. Hurumende inofanira kubutitsa zvinhu pachena.

Vatungamiri vatatu ava vakawirirana kuti vachaita chibvumirwano ichi kuti vapedze kutambura kwevanhu. SADC ndiyo yakaita kuti pave nechibvumirwano ichi. Kutambura kwedu kurikuenderera mberi uyemhirizhonga ichiwedzera. Zviripachena kuti nguva yakataurwa, maererano ne remutemo tingadai tave ne referendum iyo yaizoteverwa nesarudzo. Tichitarisa mamiriro ezvinhu nhasi tinogona kuti hurumende yemubatanidzwa iri kurarama nguva yekukwereta. Nguva yakatambiswa neCOPAC kuburitsa zvinhu zvakanaka vakataurwa nevanhu vezvematongerwe enyika vakatora mukana wekuzvinipisa kwedu tinoda kuti ma-bases abviswe uye vakonzere vemhirizhonga vasungwe. Hurumende inofanira kuisa Zimbabwe pamberi uye yotipawo mukana wekugadzirisa nekuumbiridza mararamiro edu. Tinoda kodzero yekutengesa zviwanikwa kuti tipedzadzara nekutambudzika. Tinodawo zvakare kubviswa kwema - sanctions zvichiitwa neve Zvematongerwe enyika, mapurisa uye vatsigiri veZANU PF.



**Tinoda rudo chairwo
runoumbiridza
moyoyedu yakatsemuka**

